Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 50 (6737) 30 ноябрь 2020 с. Итни РабигIул ахир 1442 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ХIажимурад МухIамадовас МелъелтIа парк рагьана

**ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон баялда хурхун Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ рагьана хIухьбахъиялъул ах**



**2020 соналъул 25 ноябралда Бакълъулазул районалъул централда, МелъелтIа росулъ, «Дир Дагъистан – санагIатаб шагьаралъулаб свери» абураб проект гIумруялде бахъинабиялда рекъон, рагьана хIухьбахъиялъул ах. Гьеб кIвар бугеб лъугьа-бахъиналда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас, депутатазул Собраниялъул спикер Мухтар АхIмадовас, бетIерасул заместителал МухIамад Хьарагишиев, Малик Маликовас ва цогидазги.**

Росдал централда рагьараб парковияб зоналда ран руго лъималазул аттракционал, воркаут-байдаби, санагIат буго бацIцIадаб гьаваялда тира-сверизе, гIун бачIунеб гIел цебетIеялъе хIажатабщиналдалъун хьезабун буго.

Муниципалитеталъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас, депутатазул Собраниялъул спикер Мухтар



АхIмадовас, «Сельсовет Мехельтинский» поселениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдунасировас гIахьаллъи гьабуна чIоло кьотIиялда ва рагьана парковияб зона.

Бакълъулазул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас баркана МелъелтIа росдал гIадамазда ва тIолго районалда берцинго ва санагIаталда гIуцIараб парковияб зона рагьи ва баркала загьир гьабуна республикаялъул нухмалъулезе «Дир Дагъистан – санагIатаб шагьаралъулаб свери» абураб проект гIумруялде бахъинабуралъухъ.

«Ассаламу гIалайкум, хIурматиял бакълъулал ва гьалбал! ДАССРалъ нусго сон баялде данде ккезабун, жакъа нилъеца рагьулеб буго «Дир Дагъистан – санагIатаб шагьаралъулаб свери» проекталда рекъон къачIараб хIухьбахъиялъул ах» Гьаб жамгIияб свери хьезабун буго хIаялъул комплексаздалъун, гIолохъанаб ва чIахIияб гIелалъ воркаут-тренировкаби гьаризе лъун руго турникал. Бакълъулазул гIадамазе къимат цIикIкIараб сайигъат ккола гьаб свери. Баркала загьир гьабула республикаялъул нухмалъулев Сергей ГIалимович Меликовасе, бакIал раялъул ва рукъалъулгун коммуналияб магIишаталъул министр Баглиев Малик Джамединовичасе районалде гьабураб бербалагьиялъухъ. Гьединго баркала кьезе бокьун буго районалъул администрациялъул хIалтIухъабазе, ООО «Нуцал» идараялъе жиндир гIужда гьабураб хIалтIиялъухъ», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Гьединго рохалилаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул маданиябгун туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, районалъул имамзабазул гIуцIиялъул нухмалъуев Юнус НурмухIамадовас, «Сельсовет Мехельтинский» поселениялъул бетIер МухIамад Абдунасировас, «Солнышко» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ. МелъелтIа росдал вакилзабаз баркала загьир гьабуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе парковияб зона къачIаралъухъ.



Байрам берцин гьабуна маданияталъул хIалтIухъабазул, «Солнышко» ахалъул лъималазул ва Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул художествиял церерахъиназ.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



2021 соналъул бюджет

2 гьум.



КъилимегIерги ГIарафатги

2 гьум.



ХIажимурад МухIамадов: «ТIабигIияб газ бачиналъ район цебетIезабула»

2 гьум.



Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов провёл совещание с главами сёл по вопросам выплаты налогов

-3 стр.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе. = Инхоса Пали-хІажи

№ 50 30 ноябрь 2020 с.

ЖАМАГІАТАЛЪУЛ ГАЗА

## 2021 соналъул бюджет

### Бакълъулазул районалъул Собраниялъул сессиялда тІоцебесеб цІалиялда къабул гьабуна 2021 соналъул бюджет

**2020 соналъул 24 ноябралда тІобитІана районалъул Собраниялъул депутатазул иргадулаб сессия. Сессиялда гьоркьор лъуна «2021 соналъе ва 2022-2023 плановияб заманалъе ДРялъул «Гумбетовский район» МРялъул бюджет къабул гьаби» ва цогидал темаби. Сессия рагьана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель Мухтар АхІмадовас. Сессиялъул хІалтІулъ гІахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХІажимурад МухІамадовас.**

Халкъалъ рищарал росабазул вакилзабаз киналго разилъун тІоцебесеб цІалиялда къабул гьабуна 2021 соналъе ва 2022-2023 сонazул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет.

Гьединго депутатаз вищана районалъул хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул нухмалъулевлъун НурмухІамад ГІизудинов. Къанунал рахъулел тІалъиялъул вакилзаби гІенеккана «2020 соналъе ва 2021-2022 плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул докладалъухъ ва гьел



тасдикъ гьаруна .

Районалъул бюджеталда тІасан кІалъазе вахъана финансовияб отделалъул нухмалъулев РурухІма Халидов.

Сессиялъул ахиралда парламенталъул спикер Мухтар АхІмадовас баркала загьир гьабуна депутатазе низамалда ва хІасил букІунеб хІалалда тІадал ишал тІураялъухъ.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## КъилимегІерги ГІарафатги

### ХІамзат ГІизудиновас гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул халкъияв шагІир МухІамад АхІмадовас 65 сон тІубаялъул тадбиразда

**Дагъистаналда тІоритІулел руго халкъияв поэт, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гІуцІиялъул нухмалъулев, ДРялъул Госпремиялъул лауреат, машгьурав маданияталъул хІаракатчи**




**МухІамад АхІмадовас 65 сон тІубаялда хурхарал тадбирал.**

«Гумбет» еженедельникалъул бетІерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гІуцІиялъул член ХІамзат ГІизудиновас гІахьаллъи гьабуна Пачалихъалъул поэзиялъул театралда, МахІачхъалаялда, гьединго Касумкенталда тІоритІарал МухІамад АхІмадовасул юбилеялда хурхарал тадбиразда.

«МухІамад АхІмадовас цІакъ хІаракат бахъана Инхоса ГІали-хІажиясул асарал цІияб къагІидаялъ цІализе, гьесул асаразул кІвар гІадамазда бичІчІизабизе. Гьукъараб литератураялдаса гьесул къиматаб рухІияб ирс тІадбуссараблъун лъугьана. СССРалъул заманалда классикасул асарал цІакъ дагь ва магІна хисизе гьарун къватІире риччан рукІана. Бищунго рагІа-ракьанде щвараб тІехь ГІали-хІажиясул къватІибе бахъана 90-абилел соназда. МухІамад АхІмадовас Инхоса ГІали-хІажиясул рагІи халкъалда гьоркьоб республика бахун къватІибехунги тІибитІизабуна. «Инхоса ГІали-хІажи» абураб поэма ккола шагІирасул творчествоялъул щибун рорхатал тІогъазул цояб. РакІалде ккола, гьеб асар къочІое босун, спектакль лъезе бегьилин», – ан абуна ХІамзат ГІизудиновас.

АхІмадовасул асаразда жаниб хасаб бакІ ккола КъилимегІералъул ва ГІарафаталъул сипатаз. Гьесул «ГІарафат» абураб поэма бусcинабун буго чанго мацІалде ва къватІибе бахъана Россия бахун къватІибги.

Гьединго МухІамад АхІмадов ккола Бакълъулазул районалъул ХІурматияв гражданин.

**РИО «Гумбет»**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧІОНИ, ЧІУНТУЛА ДУНЯЛ

## Лъимералъул къо кІодо гьабуна

### Иман-ияхІ бугел лъугьаги

**Бакълъулазул районалда маданияталъул ва библиотекаялъул хІалтІухъабазул жигараялдалъун тІоритІана ТІолгодуниялалъул лъимералъул къоялда рухьарал тадбирал.**

Гьедин, ЛъаратІа росулъ «Милъиршо» лъимералъул ахикь библиотекаялъул нухмалъулей Бариярт ГІалиевалъ ва школалде ине гІечІел лъималазул тІалаб гьабулеб идараялъул хІалтІухъабаз тІобитІана сурат бахъиялъул къо.

(Ахир - лъабабилеб гьум.)

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## ХІажимурад МухІамадов: «ТІабигІияб газ бачиналъ район цебетІезабула»

### Бакълъулазул росаби тІабигІияб газалдалъун хьезариялъул суалал гьоркьор лъуна

**Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХІажимурад МухІамадовас тІобитІана дандельи, МельелтІа ва ЦІиликь росабалъе тІабигІияб газ биччазе бугеб хІадурлъиялда хурхарал суалал гьоркьор лъураб. Гьедин, совещаниялъул**



**гІахьалчагІаз халгьабуна гьеб кІиябго росу газалдалъун хьезариялъул ахирисел хІалтІабазул ва газил цІа районалда бакиялъул суалазул.**

Жавабиял хІалтІухъабазул кІалъаяздаса хадуб ХІажимурад МухІамадовас тІадкъаял къуна ва малъа-хъваял гьаруна.

«ТІабигІияб газалдалъун хьезари кІвар бугеб лъугьа-бахъин ккола районалъул гІадамазе, гьелъ рукІа-рахьин лъикІлъизабула, гьединго тІолго район цебетІезе квербакъула», – ян абуна ХІажимурад МухІамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ЭБЕЛАЛЪУЛ ХІАТІАКЬ БУГИЛА АЛЖАН

## «Бакълъулазул улбул», «Нижее кІазал сайгъат гьаруна» флешмобал

### Бакълъулазул районалда эбелалъул къо кІодо гьабуна

**Бакълъулазул районалда муниципалитеталъул руччабазул гІуцІиялъ тІоритІана эбелалъул къоялда хурхарал**




**флешмобал: «Бакълъулазул улбул», «Нижее кІазал сайгъат гьаруна», «Бакълъулазул женсовет» ва цогидал акциял.**

Районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул заместитель МухІамад ХъарагІишиевас руччабазе къуна къиматал сайгъатал ва реццалъул грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

ЭБЕЛАЛЪ ДИР КИНИДАХЪ КУЧІДУЛ АХІИЧІЕЛАНИ

## Лъимал гІемерал улбузул хІурматалда

### Гьезие шапакъатал къуна

**25 ноябралда Бакълъулазул районалда Инхоса ГІали-хІажиясул цІаралда бугеб библиотекаялда тІобитІана Халкъазда гьоркьосеб эбелалъул къоялда хурхараб тадбир. Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас ва районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхІмадовас баркана лъимал гІемерал улбузда тІаде щолеб бугеб эбелалъул къо.**

Бакълъулазул районалъул руччабазул гІуцІиялъул нухмалъулей Загьра ГІабдулаевалъ баркана районалъул руччабазда ва кІвар къун бицана лъимал церетІезаризе ва тарбия къезе чІужугІаданалъ бахъулеб хІаракат къимат тІокІаб иш букІиналъул, районалъул руччабазул гІуцІиялъ гьарулел хІалтІабазул, гьединго баркала

(Ахир - лъабабилеб гьум.)

## Лъимералъул къо кIодо гьабуна

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)** Нарыш росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ПатIимат ТIалхIатовалъги гIуцIана байрам. Лъималазе баян гьабуна кида ва лъица байбихьараб

ЦIияб Данухъ КДЦялда тIобитIана кверралъ гьарурал тIагIелазул къец, библиотекаялъул нухмалъулей ХIузаймат Багьавудиновалъ лъималазул ихтияразул деклорациялда тIасан кIалъай гьабуна.




лъималазул къо кIодо гьабизе. Лъазабиялда рекъон , лъимал жигарго гIахьаллъана байрамалда.

ГIазра РурухIмаевалъ МелъелтIа росулъги тIобитIана байрамияб тадбир лъималазул жигараб гIахьаллъигун.

Бакълъулазул районалъул ЦIияб Аргъвани росдал маданияталъул ва лъайкьеялъул идарабазул хIалтIухьабаз цIалдохъаби рачана рохьоре тира-сверизе.

Лъимералъул къо кIодо гьабуна Килалъ росдал библиотекаялдаги. «Чебурашка» ахалъ тарбия кьолел лъималазе сухIмат-кеп ва пайдаял хIаял гIуцIана.

Бакълъулазул районалъул Гъоркьа Гьарадирихъги ана лъимералъул къоялда хурхарал тадбирал. КДЦялъул ва библиотекаялъул нухмалъулезул хIаракаталдалъун тIоритIана батIи-батIиял къецал.

**«Гумбет» РИО**

## Лъимал гIемерал улбузул хIурматалда

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)** загьир гьабуна муниципалитеталъул администрациялъул вакилзабазе гьеб гIуцIиялъул хIалтIаби гIумруялде рахьине квербакъаралъухъ. Жеги гьелъ баян гьабуна районалъул лъимал гIемерал улбузухъе щвезе ине йикIиналъул.

Гумбет районалъул бетIер цаялъул врач-нарколог Гулисат Худатбегова, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, районалъул финансовияб отделалъул бетIерай специалист Загьра МухIамадова, Ингишо гъоркьохъеб школалъул мугIалим Гулисат Ахкубегова, районалъул библиотекаялъул



ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан баркиялъул ва гьара-рахьиялъул рагIабигун кIалъазе вахъана гьесул заместитель МухIамад Хъарагишиев ва кьуна лъимал гIемерал улбузе кьиматал сайигъатал.

Гьедин, кIодо гьаруна: районалъул Централияб больни-

методист Эзимат МухIамадова, лъималазулгун гIолилазул идараялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусенова, гIемерал соназ налоговияб идараялда хIалтIарай ГIайишат Айтимирова.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов муниципального района «Гумбетовский район»

**24.11.2020 г. №127 Решение**

**О внесении изменений в прогнозный план приватизации муниципального имущества на 2020 год**

**В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131- ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Федеральным законом от 21 декабря 2001 г. №178- ФЗ «О приватизации государственного и муниципального имущества» и руководствуясь Уставом муниципального района «Гумбетовский район» Собрание депутатов МР «Гумбетовский район» решает:**

Внести изменения в Решение Собрания депутатов МР «Гумбетовский район» от 12.03.2020 г. №110 «Об утверждении прогнозного плана приватизации муниципального имущества на 2020 год» и утвердить изменения прогнозного плана приватизации муниципального имущества муниципального района «Гумбетовский район» на 2020 год согласно приложению.

Настоящее Решение разместить на официальном сайте МР « Гумбетовский район»

Настоящее Решение вступает в силу со дня официального опубликования

**Председатель Собрания депутатов Ахмедов М.**

**Утвержден решением Собрания депутатов МР «Гумбетовский район» от 24.11.2020 г. №127**

## Прогнозный план приватизации муниципального имущества на 2020 год

### Раздел 1 основные направления и задачи приватизации муниципального имущества на 2020 год

Прогнозный план приватизации муниципального имущества муниципального района «Гумбетовский район» на 2020 год (далее - План приватизации) разработан в соответствии с Федеральным законом от 21 декабря 2001г. №178-ФЗ «О приватизации государственного и муниципального имущества, Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации».

Основными направлениями приватизации муниципального имущества на 2020 год являются:

Повышение эффективности управления муниципальным имуществом;

Обеспечение планомерности процесса приватизации, обеспечение информационной прозрачности приватизации имущества;

Основными задачами приватизации муниципального имущества в 2020 году является;

Вовлечение в оборот неиспользуемого или неэффективного используемого имущества;

Приватизация муниципального имущества, не задействованного в обеспечении функций и задач органа местного самоуправления;

Увеличение неналоговых поступлений в бюджет муниципального района «Гумбетовский район».

Реализация поставленных задач будет достигаться за счет принятия решений о способе и цене приватизируемого имущества на основании анализа складывающейся экономической ситуации, проведения полной инвентаризации и независимой оценки имущества.

### Раздел II Перечень объектов движимого имущества, подлежащих приватизации в 2020 году

| № п/п | Наименование объекта приватизация, его характеристики | Предполагаемые сроки приватизации | Способ приватизации |
|---|---|---|---|
| 1 | Транспортное средство, автомобиль LADA 213100- наименование (тип ТС) -легковой: год изготовления - 2012; цвет кузова- серебристый; мощность двигателя- 82,9 л.с.; тип двигателя-бензиновый, VIN-XTA213100D0144161 | 2 квартал 2020 года | Продажа по средством аукциона |
| 2 | Транспортное средство, наименование (тип ТС) автобус ПАЗ 32053-70-легковой: год изготовления -2007; цвет кузова-желтый; мощность двигателя- 130 л.с.; тип двигателя-бензиновый, VIN-X1M3205EX70007130 | 4 квартал 2020 года | Продажа по средством аукциона |

РИТМ ГУМБЕТА

## Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов провёл совещание с главами сёл по вопросам выплаты налогов

**24 ноября 2020 года Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов провёл совещание с главами сёл по вопросам выплаты налогов и погашения налоговой задолженности.**

В совещании приняли участие спикер Собрания депутатов Гумбета Мухтар Ахмедов, заместитель главы района Малик Маликов, представитель МРИ ФНС России №12 по РД Тажудин Магомедов, начальник финотдела администрации района Рурухма Халидов, руководитель отдела экономики Хайрудин Халидов, помощники главы района Ахмед Хабибов, Абдурахман Магомедов, руководитель управделами администрации муниципалитета Исмаил Салатгереев, главы поселений, их заместители и другие.

Руководитель Гумбета Хаджимурад Магомедов напомнил о важности своевременной уплаты налогов, повышения налоговой дисциплины, ликвидации налоговой безграмотности и нигилизма среди людей. «Завершается финансовый год, наступает период подведения итогов года по всем вопросам и во всех сферах. Всем нужно быть законопослушными гражданами, вовремя выплачивать имущественный, земельный, подоходный, транспортный и другие виды налогов. От активности глав сельских поселений во многом зависят выполнение плановых показателей по сбору налогов и решение других актуальных задач. При администрации Гумбетовского района действует рабочая группа по повышению эффективности собираемости налогов. Необходимо всем включиться в информационно-разъяснительную работу по улучшению налоговой культуры людей», – отметил Хаджимурад Магомедов.

Далее глава Гумбета детально рассмотрел цифры каждого населённого пункта по налоговым обязательствам, установил сроки выплаты всех видов налогов, поручил курирующим специалистам администрации района держать данный вопрос под контролем и регулярно докладывать о проделанной в этой части работе.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Дистанционное мошенничество :

### Как не стать жертвой обмана

**Современные технологии, безусловно, сделали нашу жизнь намного проще и интереснее, но у этого явления есть и отрицательная сторона. Технологии дают не только свободный доступ к любой информации, но и создают условия для появления новых идей у аферистов и мошенников. Одно из самых массовых видов преступных действий в настоящее время – телефонное мошенничество. Отдел МВД России по Гумбетовскому району предупреждает о том, что участились случаи такого мошенничества.**

На телефон жертвы поступает звонок, от якобы сотрудника службы безопасности банка, в котором вас уведомляют о том, что ваш счет подвергся атаке мошенников или хакеров и просят отправить на их номер телефона сообщение с кодом и словами «отмена перевода», во избежание утери денежных средств или просят сообщить номер вашей карты и пароля от нее. После отправки сообщения, деньги списываются с клиентского счета.

Пользователь интернет приложения «АВИТО» (иной интернет сайт или приложение), в указанной программе договаривается о покупке определенного товара с конкретным лицом. Злоумышленник отправляет ему номер своего счета в банке (чаще всего киви - кошелька) и просит перевести ему оговоренную ранее сумму денег или залог за выбранный товар. После перевода указанных денежных средств, мошенник отключает телефон и перестает пользоваться данным абонентским номером. В итоге, жертва мошенничества лишается своих денежных средств и вынуждена обращаться в полицию с заявлением.

Уважаемые жители Гумбетовского района, будьте внимательны! Золотое правило: никогда и ни при каких обстоятельствах не сообщать никому о своих персональных данных или о конфиденциальной информации: пин-код банковской карты, номер счета, логин и пароль от страниц в социальных сетях, на интернет-сайтах и прочее. Не перечисляйте свои денежные средства незнакомым вам людям, старайтесь не совершать покупки товаров на неизвестных интернет сайтах и не оплачивайте их со своих банковских карт.

**Г.А.Латипов,**
**старший следователь ОМВД России по Гумбетоскому району**

РИТМ ГУМБЕТА

## Вопросы подготовки к Всероссийской переписи населения рассмотрели в Гумбете

**Вопросы подготовки к проведению Всероссийской переписи населения, которая пройдёт на территории Гумбетовского района в апреле 2021 года, обсудили в администрации муниципалитета.**

Совещание по вопросам организации и проведения ВПН провёл замглавы администрации Гумбетовского района Магомед Карагишиев. Главный специалист-эксперт Дагестанстата в Гумбетовском районе Магомед Лабазанов сообщил, что в поселениях муниципалитета ведётся работа по проведению ВПН.

Заместитель главы администрации МР «Гумбетовский район» Магомед Карагишиев отметил, что руководство района оказывает и окажет всевозможную помощь организаторам ВПН для проведения данного мероприятия на должном уровне.

**РИО «Гумбет»**

ЗИГАРА

## ЧIиркъатIаса МухIамадкамил

### МухIамадкамил, мун ва дуца нахъе тарал лъалкIал нижеда кIоченаро

**Гьал къоязда Аллагьасул къадар щвана лъикIав инсан, гIамал берцинав бихьинчи ЧIиркъатIаса Хайрулайил МухIамадкамилие.**

Дун ЧIиркъатIа росдал ДахIадаевасул цIаралда букIараб колхозалъул председательлъун вукIарав заманалда, ай 1978-1985 соназ, берцин бихьана МухIамадкамил правлениялъул членлъун вищизе па дица гьесде божилъи гьабулаан захIматал хIалтIаби, гьеб заманалда гьесул букIана 27 сон.

Дица гьев тIамуна ГIаркьухъан чIиркъдерил магIарде бахъулеб нухалъе бетIерлъи гьабизе ва гьес гьеб хIалтIи лъикIаб куцалда рагIалде бахьине гьабуна. Нух бахьана, проекталда букIинчIониги, ГIадокъохIода гIачиязул фермаялде, рекъодерил рецудасан, хадуб гьорхь магIарде, Эдерхабе, НуцIабаде, КIапулабе, ХIалачихъе.

МухIамадкамилица гIемерал хIалтIаби гьаруна колхозалда, нух гьаби гIадал, гьорал рай гIадал, лъим бачин гIадал. Гьев вукIана кинабго жоялда хадув гъурав чи, гьеcда лъикI лъалаан бакIал раялъул, техника къачIаялъул, токалъул хIалтIаби.

МухIамадкамилида лъикIаб куцалда лъалаан кинабго гIелму, кIудияб цIали букIинчIониги. Гьединав вукIиндалин гьев цо заманалда росдал бегавуллъун вищун вукIарав. Гьеб хIалтIиги гьес гIезагIанго лъикI гьабуна ва росдал гIадамал гьесдасан рази рукIана.

МухIамадкамил вукIана исламалъул чи. Рузман балареб коммунистияб заманалдаго гьитIинав гIолохъанчи, жиндирго гьитIинаб къоялдасаго ватарав гьудул-гьалмагъ ТIагьал Мухтаргун гьев хьвадулаан бальго рузман балеб бакIалъе чIахIиял чагIигун цадахъ.

МухIамадкамил вукIана бергьарав сварщик. Гьес гIемераб хIалтIи гьабуна Буйнакскаялда бугеб мажгит къачIаялъеги.

Гьев ахIулаан къоял ралел бакIазде – цогидал районаздеги. Ахирияб заманалда гьес тIадчIей гьабуна наял хьихьиялда ва жибаб къойил хьвадулаан ЦIохаб абулеб бакIалде, гьев вукIана наял хьихьиялъул ва ах гIезе гьабиялъул гIелму лъалев чи. Гьес ЦIохаб жиндирго умумузул ракьалда гIезе гьарун рукIана микьир ва цогидаб пихъ. Гьесул гьунаралдалъун лъикI чIун букIана ЦIохабе нухги.

МухIамадкамилил кинабго тухум–кьибил букIана исламалъул гIадамал. Гьев живго вукIана тIарикъаталъул кIудияб макъамалде вахарав чи. ГьитIинав вац МуртазагIали вуго росулъ хатмусалаваталъул кIудияв. Яц Хажи – росулъ руччабазул салаваталъул кIудияй, яцалъул вас АхIмадхIажи вукIана кIудияв гIалимчи, чанго соналъ росулъ ва районалда хIежалъул ишалъе бетIерлъиги гьабурав. Гьесул эбелалъул эмен ва эбел рукIана Инхоса КIудиясул, ГIабдулхIамид Афандиясул (къ.с.) муридзаби, эбелалъул эмен МалахIмайил МухIамад вукIана МелъелтIаса Сулайман-дибирасул божарав гьудул-гьалмагъ.

МухIамадкамилил бищун кIудияв вас Хайрулагь вуго лъикI, махраялда Къуран цIалулев ва чи нижер ЧIиркъатIа.

Дунял кIочараб ахират кьеги дуе, гьитIинав вац, нахъе ругезеги сабруги халатаб гIумруги кьеги.

**ЧIиркъатIа росдал жамагIаталул цIаралдасан – ХIадисил Камил**

СТРАНА ГОР

## В рамках Антикризисной программы Минтруда Дагестана удалось трудоустроить около 3 тысяч жителей республики

**В рамках республиканской антикризисной программы Минтруд Дагестана провел активную работу по трудоустройству работников предприятий, которые находились под риском увольнения, и организовал общественные работы для безработных и ищущих работу граждан.**




Об этом проинформировала пресс-служба ведомства. Отмечается, что данная программа реализуется с целью недопущения напряжённости на рынке труда, возникшей после введения ограничительных мер из-за ситуации с коронавирусом. Так, мероприятия в данном направлении проводятся на основании договоров, заключаемых между центрами занятости Минтруда РД и работодателями.

Как сообщается на официальном сайте ведомства, на субсидирование организации общественных работ заключены договоры с 64 работодателями региона для 1,7 тыс. безработных и ищущих работу граждан на общую сумму свыше 38 млн. руб. Помимо того, в рамках реализации указанной программы дополнительно заключены договора на организацию временной занятости 1,1 тыс. сотрудников. Более подробную информацию о реализации антикризисной программы, утвержденной Правительством РД, можно узнать, перейдя по ссылке:http://mintrudrd.ru/news/item/6224

**РИО «Гумбет»**

ЗИГАРА

## ГIадамазул рекIелъ даим хутIила

### ПатIимат МухIамаднабиева къанцидал

**Щулалъеян абе Умагьанида,**
**ПатIимат къанцарал къоял щун ругин!**
**КъвакIун чIаян абе Салиматида,**
**Сундулъго мухIканалъ куркьбал къан ругин!**

**Мун гIадлу роцIцIарай, гIамал берцинай,**
**ГIадамазул рекIелъ даим хутIила.**
**ГIаданлъиги-яхIги лъидаго лъалей**
**ЛъугIиларо, гьудул, гьаниб дур бицен.**

**Дуца дарсал кьурал цIалдохъабаца**
**ЦIунила гIумруялъ гIащикъаб дур цIар!**
**Къадарлъи сундулъго бихьизе течIей**
**Дур мисал букIина росулъ къадрудяб!**

**Росдал школалъе цIар кьеян абе**
**ЦIва гIадин гвангъарай мугIалималъул!**
**ГIолеб гIелалъ мисал босеян абе,**
**Иман-ияхIалда хIурцин хьвачIелъул!**

**РекIее хирияб хазина лъураб**
**Хоб бихьизе анищ Гьарадирихъе!**
**Гьайбатай хIурулгIин къаникь тIупараб**
**ТIадегIанлъиялъе къулизе анищ!**

**Майсарат Сайпудинова,**
**ПатIимат МухIамаднабиевалъул йикIарай учительница**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: ЗугьраГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаралда гьорькь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.